

Sèvi ak yon nechèl san ou pa kreye danje

- Se pou ou toujou bay nechèl la fas lè ou ap monte li. Se pou ou toujou gen omwen 3 pati nan kò w ki kenbe w sou nechèl la. Sèvi ak yon send ki fèt pou monte zouti oswa ak yon pouli pou ou ka monte zouti yo.
- Pa lonje kò w pou ou ka rive yon kote! Pran tan w pou ou deplase nechèl la epi mete li nan bon pozisyon.
- Lè w ap sèvi ak yon nechèl sou balkon ki wo oswa sou yon galeri, sonje si ou sot tonbe sa ka voye al tonbe jis atè anba.
- Pa mete yon nechèl devan yon pòt san ou pa bloke pòt la.

Antretyen nechèl yo

Chanje baz nechèl yo souvan. Mete luil nan roulo biy yo, nan klanps yo epi nan pouli yo.

Antrene travayè ou yo

Menm si moun sèvi ak yo chak jou, souvan moun konsidere yon nechèl tankou nenpòt bagay. Nechèl yo se youn nan kòz prensipal aksidan yo. Se pou ou si travayè ou yo konprann epi yo suiv metòd travay ki pa mete yo an danje.

Suiv règ OSHA yo

Règ OSHA yo se yon baz pou ka fè bon travay san danje. Si ou suiv yo, sa ka sove lavi w.

Règ sou nechèl pòtatif:
CFR 29,1926.1053-.1060

Pou Jwenn Plis Enfòmasyon

Kontakte Pwojè pou Evaliyè ak Kontwòlè Danje Lanmò nan Massachusetts (FACE), oswa Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (OSHA).

Pwojè FACE

Pwojè pou Evaliyè ak Kontwòlè Danje Lanmò nan Massachusetts (FACE)
250 Washington Street
Boston, MA 02108
(617) 624-5627

Pwogram Konsiltasyon OSHA

Divizyon Sekirite nan Travay
(617) 969-7177

Biwo Rejyonal OSHA

JFK Federal Building- Room E340
Boston, MA 02144
(617) 565-9860


FACE se yon pwojè Depatman Sante Piblik nan Massachusetts pou anpeche aksidan rive nan travay. FACE envestige lè moun mouri nan travay pou 1 ka konnen ki danje ki ta lakòz moun mouri nan travay. Misyon FACE se prevansyon; wòl li se pa fè respekte règ sekirite yo.

FACE resevwa kòb nan men Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante nan Travay (NIOSH).

Nou remèsye tout antreprenè yo ak lòt moun ki te pran tan pou yo ede nou nan preparasyon ti livrè sa a.

SEKIRITE NAN SÈVI AK NECHÈL

POU MÈT CHANTYE KI TRAVAY NAN KONSTRIKSYON KAY



Depatman Sante Piblik Massachusetts
Pwojè pou Evaliyè ak Kontwòlè Danje
Lanmò nan Massachusetts (FACE)
Haitian Creole Language

Youn nan kòz prensipal moun mouri nan konstriksiyon se lè yo tonbe paske yo sèvi mal ak yon nechèl

Yon mèt chantye aje 62 zan te tonbe yon wotè 20 pye pandan li tap enstale mouli sou balkon dezyèm etaj yon kay tou nèf. Mèt chantye a tap travay sou yon eskabo 7 pye, epi sanble li vin pèdi ekilib li. Travayè li yo jwenn li lonje atè a ak nechèl la sou li. Li mouri menm jou swa sa a.

Yon nechèl ak ekstansyon longè 20 pye te vin efondre epi li lakòz yon plonbye aje 37 tan tonbe epi mouri. Plonbye a tap desann nechèl la. Apre li te fin enspekte yon sistèm vantilatè sou tèt yon kay. Klanps ki pou te kenbe nechèl la pat byen tache, epi nechèl la glise desann.

Yon chapantye aje 29 an te elektrokite kou nechèl aliminyòm li tap pote a te vin touche yon fil elektrik anwo tèt li. Chapantye a tap pote nechèl 40 pye a soti devan yon kay 3 apatman epi nechèl la touche fil elektrik la ki te 24 pye anlè tè.

Fil kouran tout kote! Fè atansyon pou kouran pa griye w lè ou ap sèvi ak yon nechèl tou pre fil kouran sa yo

Sekirite nan sèvi ak nechèl

Planifye anvan

- Sèvi ak nechèl ki fèt pou dyòb la. Tcheke pou we kisa yo di nechèl la ka fè.
- Se pou ou si ou ka fè dyòb ou ak yon nechèl, si ou pa ka sèvi ak yon nechèl, sèvi ak yon echafodaj.
- Rele konpayi elektrik la pou yo ede w si ou pral fè travay tou pre yon liy elektrik.

Enspekte nechèl la anvan ou sèvi ak li

- Tcheke si bawo nechèl yo krake, si yo gen grès sou yo epi si montan yo fann. Se pou ou si baz ak klanps nechèl yo nan bon eta.
- Make epi retire nechèl ki gen defo sou chantye a.



Sèvi ak nechèl selon enstriksyon fabrikasyon yo

- Pa sèvi ak yon nechèl nan pozisyon orizontal tankou yon echafodaj.
- Yon sèl moun alafwa ka monte sou yon nechèl.
- Pa mete twòp pwa sou yon nechèl. Nechèl yo ka kenbe 250 a 300 liv (tip I oswa IA). Pwa sa a reprezante pwa moun kap monte sou nechèl la ansanm ak pwa sa lap pote.
- Pa kanpe sou dènye bawo nechèl la pou w travay, ni pa kanpe sou tèt yon eskabo. Pa sèvi ak yon eskabo pandan li fèmen.

Estabilize nechèl yo

- Mete baz nechèl la sou yon sifas ki estab epi ki nivo.
- Mete baz nechèl la a yon distans de 1 pye pou chak 4 pye wotè nechèl la.
- Sèvi ak estabilizè nechèl.
- Si ou pa kapab estabilize baz nechèl la, fè yon moun kenbe 1 ak pye.
- Lè w ap monte sou tèt yon kay oswa sou yon balkon, etann montan nechèl yo 3 pye pi wo pase kote ou ap desann nan. Pou li ka pi estab toujou, tache nechèl la nan sipò goutyè a, nan balistrad balkon a oswa nan yon lòt sipò.

